



Pou Piblikasyon Imedya: 13/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON POU PWOTEJE PEMAN ESTIMILIS POU COVID-19 NOUYÒKÈ YO KONT AJAN REKOUVREMAN YO

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon (S.5923-A/A.6617-A) ki pwoteje peman estimilis pou COVID-19 Nouyòkè yo pou ajan rekouvremman yo pa sezi yo. Tout peman pou soulajman yo bay Nouyòkè yo anba lwa federal sa yo, gen ladan peman estimilis yo, ranbousman taks, rabè, ak kredi enpo yo pou sipòte moun ak timoun ki kalifye pou yo oswa ki te resevwa yo avan dat antre an vigè a, pral pwoteje. Lejislasyon sa a kreye tou yon eksklizyon pou reklamasyon ki soti nan men moun ki genyen yon enterè nan peman pou soulajman yo pou asire ke yo kapab kolekte fon sa yo pou peye pou pansyon alimantè pou timoun ak pansyon alimantè pou granmoun ak pou kolekte peman nan sitiyasyon ki enplike fwod.

Nenpòt moun ki sijè ak yon jijman pou lajan ke yo kapab aplike sou kont bankè yo pral resevwa yon avi ke fon estimilis pou COVID-19 yo pwoteje epi si yon kreyansye te jele yo pa aksidan, yo ta dwe retounen touswit yon fòmilè ki akonpanye avi a pou yo kapab fè yo relache fon sa yo.

"Nouyòkè yo nan chak kwen Eta a te santi efè pandemi COVID la, anpil moun te pèdi djòb san se pa fòt pa yo epi ki gen difikilte pou sipòte tèt yo ak fanmi yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lejislasyon sa a pral ede asire peman soulajman yo te fè pou Nouyòkè yo pwoteje kont ajan rekouvremman dèt ki san eskripil dekwa pou lajan an kapab itilize pou sa yo te bay li a - pou ede dedomaje moun ak fanmi yo pandan yo kontinye ap rekipere anba enpak ekonomik pandemi an".

Senatè Kevin Thomas te deklare, "Yo te bay peman pou soulajman federal yo kòm yon bwe sovtaj pou ede fanmi ak moun ki gen difikilte yo reponn ak bezwen yo pandan moman ki difisil anpil sa yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a pou pwoteje finansman filè sekirite pou ajan rekouvremman san eskripil pa sezi yo, pou nou asire ke Nouyòkè yo kapab itilize fon sa yo pou sa yo te bay yo okòmansman an".

Manm Asanble Helene Weinstein te deklare, "Yo te bay peman pou soulajman federal yo kòm yon bwe sovtaj pou ede fanmi ak moun ki gen difikilte yo reponn ak bezwen yo pandan moman ki difisil ki san presedan sa yo. Lejislasyon sa yo asire ke fanmi yo kapab itilize finansman filè sekirite sa a pou sa yo te bay li okòmansman an, pou bay fanmi yo bezwen debaz yo epi lwen men ajan rekouvremman yo".

Direktris Depatman Sèvis Finansye a, Linda A. Lacewell, te deklare, "Mwen aplodi Gouvènè a ak Lejislati a dèske yo te aji sou zafè enpòtan sa a. Nouvo lwa sa a pwoteje moun ak fanmi yo anba rekouvremant dèt nan peman pou soulajman pou COVID-19 ki soti nan kongrè a, gen ladan kont enstitisyon bankè yo pou dèt yo reklame sou kont kliyan yo a. Lè nou aji konsa, lwa a respekte objektif Kongrè a pou fon sa yo: bay soulajman pou fanmi yo ki te afekte ekonomikman anba pandemi an. Depatman an angaje li pou pwoteje sekirite finansye tout Nouyòkè yo, espesyalman sila yo ki nan kominote ki te pi afekte anba COVID-19 yo".

Yo te bay peman estimilis yo pou moun ak fanmi yo ki genyen timoun pou ede yo reponn ak bezwen finansye yo ak sipòte tèt yo ak fanmi yo pandan yo ap fè fas ak konsekans ekonomik ak sanitè ki san presedan akòz pandemi COVID-19 la. Nouvo lejislasyon sa a pral ede asire ke Nouyòkè yo genyen opòtinite pou itilize tout avantaj asistans finansye ke lwa federal sa yo bay la.

Nenpòt Nouyòkè ki gen kesyon sou pwoteksyon sa yo kapab rele gratis Inite Asistans pou Konsomatè Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services Consumer Assistance Unit) nan 800-342-3736 oswa voye yon imèl bay consumers@dfs.ny.gov, epi nenpòt moun ki te genyen peman estimilis ke yon ajan rekouvremant dèt te pran apre 13 me 2021 an ta dwe depoze yon plent nan Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) New York la nan www.dfs.ny.gov/complaint.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)